

KÒMAN W KAPAB RENOUVLE ASIRANS SANTE W LA ATRAVÈ DEPATMAN SÈVIS SOSYAL LOKAL OU A AK MARCUS

01



Marcus te resevwa yon dosye renouvèlman pa lapòs ki te endike li dwe ranpli dosye a epi voye l ale ak tout dokiman yo te mande yo (dokiman orijinal pa ladan l) anvan [dat ki endike](#) sou fòmilè renouvèlman an.



Marcus ranpli fòmilè renouvèlman li an, li bay tout enfòmasyon yo mande yo pou l detèmine elijiblite l nan pwogram ekonomi Medicaid oswa Medicare la

Fòmilè renouvèlman an mete aksan sou ki moun pou li kontakte nan Depatman Sèvis Sosyal Lokal (Local Department of Social Services, LDSS) li a ak ki fason li ka kontakte yo si li ta gen nenpòt kesyon konsènan fòmilè a oswa konsènan sa li dwe voye, anvan li voye fòmilè renouvèlman an ale bay LDSS li a.

02



03



Marcus te ranpli epi siyen fòmilè renouvèlman an epi voye l ale ansanm ak tout dokiman yo te mande yo (dokiman orijinal pa ladan l) anvan [dat espesifik](#) LDSS a bezwen resevwa fòmilè l la. Li voye li nan kourye USPS, men yo ka voye l tounen nan faks, telechaje l sou Aplikasyon NYDocSubmit la oswa depoze l an pèsòn nan LDSS li a.



Menm kote LDSS la fin detèmine elijiblite nan pwogram ekonomi Medicaid oswa Medicare la, Marcus te resevwa yon notifikasyon pa lapòs ak yon desizyon sou renouvèlman li an. Marcus te resevwa desizyon li an epi li te rrenouvle li kòrèkteman.

05



Si Marcus pa dakò ak desizyon Depatman Sèvis Sosyal Lokal li a, li gen 60 jou, kòmanse nan dat desizyon an te pran an, pou l mande yon odyans san patipri pandan l ap rele sou nimewo telefòn ki endike sou avi Pwogram ekonomi Medicaid oswa Medicare la.

04

